**муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**средняя общеобразовательная школа № 31**

| | |
|---|---|
| Утверждено на заседании МО | Утверждаю |
| учителей осетинского языка и литературы осетинского языка | Директор МБОУ СОШ № 31 |
| ______________Чараева Т.Ц. | ______________З.А.Варзиева |
| 28.08.2023 протокол № 1 | от 28.08. 2023 протокол № 1 |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

по осетинскому языку
для учащихся 5-х классов по УПМ «Ирон æвзаг»
автор – Дзодзикова С.Б Пухова Л.Р.
(2023-2024 учебный год)

2023-2024 г.

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРАДОН ПРОГРАММÆ 5–11-ÆМ КЪЛÆСТÆН

## Æмбарынгæнæн фыстæг

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг»-ы кусæн программæ (5 – 11 къл.) арæзт у ахæм бындурæвæрæг документтæм гæсгæ:

• Федеральный закон от 29.12.2012 N 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации» (ред. от 29.12.2017);

• Федеральный государственный образовательный стандарт основного общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1577);

• Федеральный государственный образовательный стандарт среднего общего образования (в ред. Приказа Минобрнауки РФ от 31.12.2015 № 1578);

• Ирон æвзаджы программæ 1 – 11 кълæстæн (ныффидар æй кодта Цæгат Ирыстон – Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад 2017 азы).

Цæгат Ирыстоны-Аланийы ис дыууæ паддзахадон æвзаджы: ирон æмæ уырыссаг. Ирон æвзагæй адæм пайда кæнынц се 'рвылбоны царды æмæ æхсæнадон-политикон, барадон, наукон, культурон архайды, ахуырад æмæ аивадон-дзырдон сфæлдыстады. Уый у æвзагон/ныхасон æрмæг хъахъхъæныны æмæ йæ иу фæлтæрæй иннæмæ дæттыны сæйраг фæрæзтæй иу.

Ирон æвзаджы лексикон-грамматикон, стилистикон фæрæзтæ сты хъæздыг, йæ аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ – бирæ æмæ ахадгæ. Уымæ гæсгæ æвзагæн йæ бон у царды домæнтæн дзуапп дæттын, йæ размæ æвæрд хæстæ æнæкъуыылымпыйæ æххæст кæнын. Йæ ахуыр кæнын ахъаз у уырыссаг æмæ æндæр æвзæгтæ хуыздæр æмæ æнцондæрæй базонынæн дæр.

Ахуырадон предмет «Ирон æвзаг» скъоладзаутæн зонындзинæдтæ дæтты мадæлон æвзаджы тыххæй, амоны, æвзагæй алыхуызон уавæрты куыд пайда кæнын хъæуы æмæ йæ кæцы хæйттæй, уый; скъоладзау ахуыр кæны ирон культурæйы удварнон хъæздыгдзинад æмæ литературæ, æмзонд у йæ адæмимæ, стæй хайджын кæны æппæт адæмты культурон-историон фæлтæрддзинадæй.

Предмет «Ирон æвзаг» ахуыр кæныны сæйраг ***нысæнттæ*** сты:

1) ирон (мадæлон) æвзагмæ æмбæлгæ ахаст хъомыл кæнын, куыд культурæйы вазыгджын фæзынд æй æмбарын кæнын;

2) удварнон-эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын кæнын;

3) мадæлон æвзаг ныхас кæныны æмæ ахуырадон архайды сæйраг фæрæзтæй иу, адæймаджы архайды бæлвырд къабæзты зонындзинæдтæ райсыны мадзал, æхсæнады фидаргонд этикон нормæтæ базоныны амал кæй у, уый æмбарын кæнын;

4) вазыгджындæр иумæйагахуырадон арæхстдзинæдтæ æмæ универсалон ахуырадон архæйдтытæ (архайды нысан амонын, фæтк ын æвæрын, библиографион агуырд кæнын, алыхуызон æвзагзонынадон дзырдуæтты æмæ æндæр æвзæрæнты хъæугæ информаци арын, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй æмæ Интернетæй, тексты мидисыл кусын) базонын кæнын;

5) æвзаджы системæйы арæзты тыххæй æмæ, куыд кусы, уый тыххæй, ирон литературон æвзаджы стилистикон фæрæзтæ æмæ сæйраг нормæты тыххæй зонындзинæдтæ райсын; æвзагон фæзындтæ уынын, иртасын, кæрæдзиуыл сæ барын, классификаци сын кæнын æмæ сын аргъ дæттыны ахуырадон æмæ æндæр арæхстдзинæдтæ рæзын кæнын;

6) дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæ, ныхас кæнынимæ баст архайды хуызтæй, æвзаджы фæрæзтæй алыхуызон уавæрты пайда кæныны æгъдæуттæ, ныхасы этикеты нормæтæ базонын; активон дзырдуат хъæздыг кæнын;

7) зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæй практикон хуызы пайда кæнынил ахуыр кæнын.

## Ахурадон предметы иумæйаг характеристикæ

Ирон æвзаг скъолайы ахуыр кæныны сæрмагонд нысæнттæ сты: скъоладзаутæм *коммуникативон, æвзагон, лингвистикон* æмæ *культурæзонæн* компетенцитæ рæзын кæнын.

*Коммуникативон компетенци* нысан кæны мадæлон æвзагæй ныхасы алыхуызон уавæрты, ныхасы темæ æмæ нысæнттæм гæсгæ пайда кæнынмæ арæхсын; дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындуртæ зонын; скъоладзау цы кары ис, ахуыры алы къæпхæнты (5 – 7, 8 – 9, 10 – 11 къласты) йæ фæлтæрддзинад æмæ психологион миниуджытæ цавæр сты, уымæ гæсгæ ныхас кæнынмæ арæхсын.

*Æвзагон компетенци* у:

*зонын:*

- мадæлон æвзаг куыд нысанон системæ æмæ æхсæнадон фæзынд;
- æвзагæн йæ арæзт;
- æвзаг куыд рæзы æмæ дзы куыд пайдагæнæн ис;
- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ;
- фаг дзырдуатон æрмæг;

*пайда кæнынмæ арæхсын:*

- ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæй;
- æвзаг æмæ ныхасы аивгæнæн мадзæлттæй;
- алыхуызон лингвистикон дзырдуæттæй.

*Лингвистикон компетенцимæ* хауынц скъоладзауты зонындзинæдтæ наукæ «Ирон æвзаг»-æй, йæ хæйттæ æмæ æвзаг наукон æгъдауæй ахуыр кæныны нысæнттæ, стæй, ирон æвзаджы фæрстытæ цы ахуыргæндтæ иртæстой, уыдоны тыххæй æрмæг зонын.

*Культурæзонæн компетенци* баст у, æвзаг националон культурæйы тыххæй дзурыны формæ кæй у, уый æмбарынадимæ, адæмы æвзаг æмæ истори баст кæй сты, ирон æвзагæн националон-культурон æууæлтæ кæй ис; ирон ныхасы этикеты нормæтæ зонынимæ.

Ахурады сæйраг иумæйаг хæстæ æмбæлгæ хуызы æххæст кæнæн ис, æвзаг æмæ ныхас тынг хорз зонгæйæ. Коммуникативон æмæ культурæзонæн компетенцитыл фылдæр ахуыр кæнынц ныхасы рæзтыл кусгæйæ, лингвистикон компетенци та рæзы, æвзаджы системæ ахуыр кæнгæйæ.

Ирон æвзаджы программæйы æнгом баст сты йæ дыууæ структурон хайы: «Æвзаджы системæ» æмæ «Ныхасы рæзт» – ныхасы культурæ рæзы, æвзаджы системæ, йе ’гъдæуттæ ахуыр кæнгæйæ; æвзаджы системæ та æмбæрстгонд цæуы ирон ныхасы хуызæгты (алыхуызон текстты) бындурыл.

Амынд нысæнттæ къухы бафтыны тыххæй æххæст кæнын хъæуы ахæм ***хæстæ***:

- скъоладзаутæн базонын кæнын, æвзагыл æхсæнады царды цы хæстæ æвæрд ис, цавæр бынат ахсы ирон адæмы царды, цæмæй хъæздыг у, цавæр сты йæ аивгæнæн мадзæлттæ; бæлвырд зонындзинæдтæ раттын ирон литературон æвзаджы фонетикæ, графикæ, орфоэпи, орфографи, лексикæ, морфемикæ, дзырдарæзт, морфологи, синтаксис, пунктуаци æмæ стилистикæйæ, стæй, райст зонындзинæдтæй практикон архайды куыд пайдагæнæн ис, уый тыххæй;
- скъоладзауты ныхас рæзын кæнын: хъæздыг сын кæнын сæ активон æмæ пассивон дзырдуат, раст аразын сæ ныхасы грамматикон сконд; архайын, цæмæй базоной литературон æвзаджы нормæтæ, зоной æмæ арæхсой алыхуызон коммуникативон уавæрты дзургæ æмæ фысгæ ныхасæй раст æмæ уæгъдибарæй пайда кæнын;
- амонын æмæ хуыздæр кæнын орфографион æмæ пунктуацион арæхстдзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинæдтæ;
- хи ныхасы арæзтмæ хъус дарын;

- ахуырадон æмæ наукон литературæимæ кусын, алыхуызон дзырдуæттæй æмæ æндæр æхxуысгæнæг литературæйæ, уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæ æмæ Интернетæй хъæугæ æрмæг исын.

**Ирон æвзаджы программæ базоныны удгоймагон,**
**метапредметон, предметон фæстиуджытæ**

***Удгоймагон фæстиуджытæ:***

1) ирон æвзаг ирон адæмы сæйраг национ-культурон хæзнатæй иу кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзаджы ахсджиаг бынат адæймаджы интеллектуалон, сфæлдыстадон æмæ удварнон рæзты уынын;

2) ирон æвзаг эстетикон хæзна кæй у, уый æмбарын; мадæлон æвзагæн аргъ кæнын зонын, сæрыстыр дзы уæвын; ирон æвзаджы сыгъдæгдзинад куыд националон культурæйы фæзынд æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнынысл архайын; хи ныхасы культурæ бæрзонд кæнынмæ тырнын;

3) дзырдуат хъæздыг кæнын грамматикон фæрæзтæ зонын, хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ раст æмæ уæгъдибарæй æвдисынмæ арæхсын; хи ныхасæн раст аргъ кæнын.

***Метапредметон фæстиуджытæ*** (скъоладзаутæ сæйраг иумæйаг программæ куыд базонынц, уый æвдисæнтæ):

1) ныхасон архайды æппæт хуызтæ зонын:

*хъусын æмæ кæсын:*

- тексты темæ æмæ йæ сæйраг хъуыды, стиль бæрæг кæнын;
- кæсыны алы хуызтæ зонын (агурын, æркæсын, зонгæ кæнын) æмæ сæ алыхуызон стильтæ æмæ жанрты текстты пайда кæнын;
- тексты хъæугæ хъусынгæнинаг агурын;
- цалдæр текстæн сæ хуыз æмæ сæ мидис абарын;
- алыхуызон фæрæзтæй (уыимæ дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй, компакт-дисктæй, Интернеты фæрæзтæй) хъæугæ æрмæг исынмæ арæхсын;
- дзырдуæтты алы хуызтæй, æхxуысгæнæг литературæйæ (уыимæ электронон хæсджытыл дæр) уæгъдибарæй пайда кæнын;
- бæлвырд темæйæ æрмæг æмбырд кæнын æмæ йæ систематизаци кæнын зонын; хи хъаруйæ хъусынгæнинаг агурын; кæсгæ æмæ хъусгæйæ цы æрмæг базыдтой, уый ивын, æвæрын æмæ хъусын кæнын;
- ныхасон зæгъдтытæ сæ мидисмæ гæсгæ æрæмных кæнын æмæ абарынмæ арæхсын, сæ стилистикон хицæндзинæдтæ æмæ æвзагон фæрæзты æвзарын;
- ныхасы хуыз иртасын æмæ ивын зонын;
- текстмæ байхъусын кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йыл бакусынмæ арæхсын (пълан, хи ныхæстæй дзурын, конспект, аннотаци);
- тексты сæйраг æмæ фæрссаг хъусынгæнинаг иртасын; тексты темæ æмæ идейæ бæрæг кæнын;
- текстмæ байхъусыны кæнæ йæ бакæсыны фæстæ йæ бындурыл ныхас аразын, диалогты архайын, хи фиппаинæгтæ дзургæйæ æмæ æнкъарæнтæ æвдисгæйæ;
- ныв тæм гæсгæ диалогтæ хъуыды кæнын;
- диалоджы архайынмæ æмæ йæ аразынмæ арæхсын;
- текстæн лексикон-грамматикон æмæ стилистикон раиртæст кæнын;
- алы хуызты фысгæ æмæ дзургæ текстты, ныхасы стильтæ æмæ жанртæ аразынмæ арæхстдзинад æвдисын, кæрæдзиимæ ныхас кæныны уавæр, йæ нысан æмæ адресат хынцгæйæ;
- хи хъуыдытæ дзургæ æмæ фысгæ формæйы раст, уæгъдибарæй дзурынмæ арæхстдзинад æвдисын, текст аразыны нормæтæ æххæст кæнын (логикондзинад, ны-

хасы хæйтты кæрæдзи фæдыл раст æвæрд, сæ бастдзинад, темæйæн дзуапп дæттын), æцæгдзинады хабæрттæ æмæ фæзындтæм раст ахаст æвдисын;

- монолоджы (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ; монолоджы алы хуызты бастдзинæдтæ) æмæ диалоджы алы хуызтæ (этикетон, диалог-бафарст, диалог-разæнгард кæнын, диалог-дзурджыты цæстæнгасты æвдыст æ. æнд.) зонын;

- дзургæйæ нырыккон ирон æвзаджы сæйраг орфоэпион, лексикон, грамматикон, стилистикон нормæтæ æххæст кæнын; фысгæ ныхасы орфографи æмæ пунктуацийы сæйраг æгъдæуттæ æххæст кæнын;

- этикеты нормæтæ æххæстгæнгæйæ ныхасы архайынмæ арæхсын;

- ныхас кæнгæйæ, цæсгомы, къухы змæлдтытæй хъæугæ хуызы пайда кæнын;

- хи ныхасы мидисæн, æвзагон арæзтæн аргъ кæнын; грамматикон æмæ ныхасон рæдыдтытæ арын æмæ сæ раст кæнын; хи текстæ хуыздæр кæнын æмæ редакци кæнын;

- чысыл хъусынгæнинæгтæ, реферат, доклад кæнынмæ арæхсын; быцæу ныхасы архайын, актуалон темæтыл дзурынмæ арæхсын;

2) райст зонындзинæдтæй, арæхстдзинæдтæй, фæлтæрддзинадæй æрвылбоны царды уавæрты пайда кæнын; ирон æвзагыл цы предметтæ ахуыр кæнынц æмæ цы æндæр уавæрты бахъæуы, уым мадæлон æвзагæй пайда кæнын;

3) алыварс адæмимæ ныхас кæнын зонын, иумæйаг хæстæ æххæст кæнын, быцæу ныхасы архайын, актуалон темæты фæдыл дзурын; этикетон ныхасы нормæты националон-культурон нормæтæ зонын æмæ сæ пайда кæнын формалон æмæ æнæформалон уавæрты.

***Предметон фæстиуджытæ:***

1) зонын æвзаджы сæйраг функцитæ, ирон æвзаг куыд ирон адæмы националон æмæ паддзахадон æвзаг, адæмы æвзаг æмæ культурæйы бастдзинад, мадæлон æвзаджы бынат адæймаг æмæ æхсæнады царды;

2) æмбарын мадæлон æвзаджы бынат ирон гуманитарон наукæты æмæ ахуырады;

3) базонын мадæлон æвзаджы наукон зонындзинæдты бындуртæ; йæ æмвæзад æмæ иуæгты бастдзинады æмбарынад райсын;

4) базонын лингвистикæйы бындурон æмбарынæдтæ: лингвистикæ æмæ йæ сæйраг хæйттæ; æвзаг æмæ ныхас, ныхас кæнын, дзургæ æмæ фысгæ ныхас; монолог, диалог æмæ сæ хуызтæ; ныхас кæныны уавæр; дзургæ ныхас, наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильтæ, аивадон литературæйы æвзаг; наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон стильты æмæ дзургæ ныхасы жанртæ; ныхасы функционалон-хъуыдыйон хуызтæ (таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ); текст, тексты хуызтæ; æвзаджы сæйраг иуæгтæ, сæ бæрæггæнæнтæ æмæ хицæндзинæдтæ ныхасы;

5) зонын ирон æвзаджы лексикæ æмæ фразеологийы сæйраг стилистикон фæрæзтæ, ирон литературон æвзаджы сæйраг нормæтæ (орфоэпион, лексикон, грамматикон, орфографион, пунктуацион), зонын этикетон ныхасы нормæтæ æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын дзургæ æмæ фысгæ зæгъдтыты;

6) дзырдæн алыхуызон æвзæрст кæнын (фонетикон, морфемон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион), синтаксисон æвзæрст дзырдбаст æмæ хъуыдыйадæн; текстæн дæттын бирæаспектон раиртæст йæ сæйраг æууæлтæ æмæ арæзтмæ гæсгæ, æвзаджы бæлвырд функционалон хуызтæм ахастмæ, се ’взагон арæзты хицæндзинæдтæ æмæ æвзаджы аивгæнæн фæрæзтæй пайдакæнынадмæ гæсгæ;

7) лексикон æмæ грамматикон синонимийы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæ æмбарын æмæ сæ хи ныхасы пайда кæнын;

8) мадæлон æвзаджы эстетикон функци æмбарын, арæхсын ныхасы эстетикон фарсæн аргъ кæнынмæ, аивадон литературæйы текстæн раиртæст дæтгæйæ.

Скъолайы сæйрагдæр ахуыр кæнынц ирон литературон æвзаг, уымæ гæсгæ æвзагæн куыд предметæн æппæты æнгомдæр бастдзинæдтæ ис ирон литературæимæ. Æвзагон æрмæг арæхдæр ист цæуы ирон аивадон уацмыстæй; уыимæ, скъолайы литературæйы программæйы цы тексттæ амынд ис, уыдонæй дæр. Се 'рмæгæй пайдагæнгæйæ, æвзæрст цæуынц дзырдты лексикон, грамматикон æмæ стилистикон миниуджытæ, орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ ахуыргонд цæуынц, хъуыдыйæдтæ æмæ тексты хæйтты бастдзинæдтæ. Æвзаг æмæ литературæйы бастдзинад вазыгджын у ныхасы рæзтыл кусгæйæ дæр.

Ныхасы рæзтыл кусыны темæтæ уæрст цæуынц грамматикон æрмæгыл, æмæ сын уымæ гæсгæ программæйы хицæнæй сахæттæ амынд нæй – ныхасы рæзтыл куыст цæуы алы урочы дæр. Культурæзонæн æмæ коммуникативон компетенцитæ рæзын кæныны тыххæй программæ пайда кæны ирон аив литературæйы, адæмон сфæлдыстады, публицистикон, наукон æмæ официалон-хъуыддагон текстæй æмæ сæ скъуыддзæгтæй. Уымæй уæлдай ма программæмæ гæсгæ арæзт ахуыргæнæн чингуыты ис ахуырадон тексттæ – чингуыты авторты фыст тексттæ (тематикон пъланты бæрæггонд сты сæрмагонд нысанæй – *). Ацы программæйы сæрмагонд миниуæг у уый дæр, æмæ алы æвзагон темæ дæр æмбæрстгонд кæнæ фæлхатгонд цæуы бæлвырд ныхасон æрмæджы – тексты – бындурыл.

Изложенитæ æмæ нывæцæнты темæтæ æвзаргæйæ, архайын хъæуы, цæмæй уыцы куыстытæ æххуыс уой скъоладзауты фæллойадон, идейон æмæ этикон хъомыладæн.

Архайын хъæуы, цæмæй скъоладзаутæ ирон æвзаджы фæрцы фаг информаци исой æхсæнадон царды æппæт къабæзтæй æмæ иронау дзурын æмæ фыссын зоной сæхи æхсæнадон куысты фæлтæрддзинады, бинонты царды, райгуырæн хъæу, горæты тыххæй, æндæр адæмтæ æмæ бæстæты царды тыххæй.

Уроктæй уæлдай ма кæнын хъæуы консультацитæ, семинартæ, грамматикон хъæзтытæ, олимпиадæтæ æмæ æндæр куысты хуызтæ.

**Курс «Ирон æвзаджы» бынат ахуырадон пъланы**

Ахуырадон пъланмæ гæсгæ 5 къласæй 9 къласы онг къуыри сахæтты ирон (мадæлон) æвзагæй ис 1,5 урочы, ома: 5 къласы – 51 сах., 6 къласы – 51 сах.,7 къласы – 51 сах., 8 къласы – 51 сах., 9 къласы – 51 сах. 10 æмæ 11 кълæсты ирон æвзаг ахуыр кæнынц къуыри 1 сахат: 10 къласы – 34 сах., 11 къласы – 33 сах.

**Курсы мидис**

**Коммуникативон компетенци æвзæрынгæнæг мидис**

***1. Ныхас***

Ныхасы æмбарынад. Ныхасы ситуаци. Дзургæ æмæ фысгæ ныхас. Диалогон æмæ монологон ныхас.

Ныхасы архайды хуызтæ: кæсын, хъусын, дзурын, фыссын. Ныхасы арæзт: экспозици, бабаст, архайды цыд, кульминаци, райхæлд, кæрон.

Ныхасы функционалон-мидисон хуызтæ: таурæгъ, æрфыст, тæрхæттæ. Этикетон ныхас, йæ арæзт æмæ хæстæ. Этикетон формулæтæ официалон æмæ æнæофициалон уавæрты: арфæ кæнын, салам дæттын, зонгæ кæнын, хабæрттæй æмæ æнæниздзинадæй фæрсын, курдиаты, хатыр курыны æмæ рæвдауæн ныхæстæ; хистæримæ, ныййарджытимæ, сывæллæттимæ ныхас.

***2. Текст***

Тексты æмбарынад, йæ сæйраг миниуджытæ. Тексты темæ, сæйраг хъуыды, микротемæ. Тексты структурæ. Тексты хæйтты æмæ хъуыдыйæдты бастдзинады мадзæлттæ æмæ хуызтæ.

Абзац куыд тексты композицион-стилистикон дихкæнынады фæрæз.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæн (ВСÆ); йæ арæзт æмæ семантикæ. Хъуыдыйæдтæ бæттыны лексикон-грамматикон фæрæзтæ вазыгджын синтаксисон æнæхъæны. Параллелон æмæ цæгон бастдзинæдтæ ВСÆ.

Тексты пълан æмæ тезистæ куыд йæ информацион рацарæзты хуыз.

***3. Æвзаджы функционалон хуызтæ***

Æвзаджы функционалон хуызтæ: дзургæ ныхас; функционалон стильтæ: официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон; аивадон литературæйы æвзаг. Сæ лексикон, морфологион, синтаксисон миниуджытæ. Стильты сæйраг жанртæ.

Литературон æвзаг. Литературон æвзаджы нормæтæ. Нормæйы кодификаци.

Æвзаджы аивадон-нывгæнæн мадзæлттæ. Троптæ: эпитет, абарст, метафорæ, олицетворени, перифразæ, аллегори. Стилистикон фигурæтæ: антитезæ, параллелизм, градаци

**Æвзагон æмæ лингвистикон (æвзагзонынадон)**
**компетенци æвзæрынгæнæг мидис**

***4. Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонындзинæдтæ***

Ирон æвзаг – ирон адæмы национ æвзаг, РЦИ-Аланийы дыууæ паддзахадон æвзагæй иу; Республикæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон æвзаг. Æвзаджы ахадындзинад æхсæнадон царды. Æвзаджы рæзты бастдзинад æхсæнады рæзтимæ.

Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бинат иннæ æвзæгты ’хсæн. Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Литературон æвзаг, диалект, ныхасыздæхт. Ирон æвзаджы рæзт.

Ирон æвзаджы сæйраг аивгæнæн мадзæлттæ.

Ирон æвзагзонынады историйæ. Ирон æвзагзонынады зынгæ ахуыргæндтæ.

***5. Фонетикæ æмæ орфоэпи***

Фонетикæ куыд æвзагзонынады хай. Хъæлæсонты системæ. Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонтæ ирон æмæ дыгурон æвзæгты. Хъæлæсонты ивд ныхасы. Æмхъæлæсонты системæ. Раулæфтон æмæ æнæраулæфтон æвиппайдон æзылангон æмхъæлæсон мыртæ *(к, п, т, ц, ч)*. Раулæфт бæрæггæнæг дамгъæ *гъ (нæгъ, гъе)*. Уæнг. Цавд. Акцентуалон къордтæ.

Орфоэпийы тыххæй æмбарынад. Ирон литературон æвзаджы орфоэпион нормæ. Æмхъæлæсон мыртæ дз, ц, з, с-йы растдзурынад ирон литературон æмæ дыгурон литературон æвзæгты. Уырыссаг æмхъæлæсонтæ æмæ хъæлæсонты растдзурынад æрбайсгæ дзырдты.

Æмхъæлæсон æмæ хъæлæсон мырты ивддзинæдтæ.

Фонетикон æвзæрст.

***6. Графикæ***

Графикæ куыд æвзагзонынады хай. Мыртæ æмæ дамгъæты бастдзинад. Дыууæ нысанæй амынд мыртæ.

***7. Морфемикæ æмæ дзырдарæзт***

Морфемикæ куыд æвзагзонынады хай. Морфемæ куыд дзырды тæккæ къаддæр нысаниуæгджын хай. Морфемæты хуызтæ Дзырдаразæг æмæ формæаразæг морфемæтæ. Разæфтуан, фæсæфтуан куыд дзырдаразæг морфемæтæ. Уидаг. Æмуидагон дзырдтæ. Мырты ивынад уидаджы. Дзырдтæ аразыны хуызтæ. Бирæнысаниуæгон æмæ омонимон морфемæтæ. Ахадгæ, æнæахадгæ æмæ чысылахадгæ дзырдаразæн фæрæзтæ. Предметы æнæххæст кæнæ лæмæгъгонд æууæл чи нысан кæны, миногонты ахæм фæсæфтуантæ. Морфемæты стилистикон æууæлтæ. Бындур æмæ кæрон. Афтид кæрон. Уидаг, разæфтуан, фæсæфтуан æмæ кæроны хæстæ дзырды мидæг. Дзырдты морфемон æвзæрст.

***8. Лексикологи æмæ фразеологи***

Лексикологи куыд æвзагзонынады хай. Дзырд – лексикæйы иуæг. Дзырды лексикон нысаниуæг. Иунысаниуæгон дзырдтæ. Дзырдты бирæнысаниуæгад. Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. Дзырдты тематикон къордтæ. Æмбарынгæнæн дзырдуат.

Синонимтæ. Антонимтæ. Омонимтæ.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ равзæрдмæ гæсгæ. Æппæтадæмон дзырдтæ. Бындурон ирон дзырдтæ. Æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæ. Ирон æвзаджы историон-этимологион дзырдуат.

Ирон æвзаджы лексикæ йæ пайдакæнынадмæ гæсгæ. Активон æмæ пассивон лексикæ. Диалектизмтæ. Профессионализмтæ. Архаизмтæ. Историзмтæ. Неологизмтæ.

Дзырды лексикон æвзæрст.

Фразеологи куыд æвзагзонынады хай. Фразеологион дзырдбæстытæ. Уæгъдибар æмæ æнæуæгъдибар (æнгом æмæ æнæдихгæнгæ) дзырдбæстытæ. Фразеологион синонимтæ, антонимтæ æмæ омонимтæ.

Фразеологион дзырдуат.

***9. Мофрологи***

Морфологи куыд грамматикæйы хай. Ныхасы хæйттæ куыд дзырдты лексикон-грамматикон хуызтæ. Ныхасы хæйтты системæ ирон æвзаджы. Сæрмагонд ныхасы хæйттæ. Номдары, миногоны, нымæцоны, номивæджы, мивдисæджы, фæрсдзырды иумæйаг грамматикон нысаниуæг, морфологион æмæ синтаксисон миниуджытæ. Миногми æмæ фæрссагми куыд мивдисæджы номон формæтæ. Ныхасы хæйтты хицæндзинæдтæ дыгурон литературон æвзаджы.

Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ, сæ хуызтæ нысаниуæгмæ гæсгæ, арæзтмæ гæсгæ, синтаксисон функцитæм гæсгæ.

Æвастхъæртæ æмæ мырфæзмæн дзырдтæ.

Алыхуызон ныхасы хæйтты омоними. Ныхасы хæйтты субстантиваци.

***11. Синтаксис***

Синтаксис куыд грамматикæйы хай. Дзырдбаст æмæ хъуыдыйад куыд синтаксисы иуæгтæ.

Дзырдбаст. Дзырдбæстыты хуызтæ. Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ дзырдбасты мидæг. Синтаксисон бастдзинады хуызтæ дзырдбасты мидæг. Дзырдбасты хæйтты æхсæн ахастытæ.

Хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысанмæ æмæ эмоционалон ахуырстмæ гæсгæ. Хъуыдыйады грамматикон бындур. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ, сæ зæгъыны хуызтæ. Зæгъинаджы хуызтæ.

Хуымæтæг хъуыдыйæдты структурон хуызтæ: дывæрсыг æмæ иувæрсыг, цыбыр æмæ даргъ, вазыгджынгонд æмæ æнæвазыгджынгонд, æххæст æмæ æнæххæст.

Иувæрсыг хъуыдыйæдты хуызтæ. Мивдисæгон æмæ номон иувæрсыг хъуыдыйæдтæ.

Вазыгджынгонд хъуыдыйæдтæ. Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ, иртæстгонд уæнгтæ, сидæн, бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæ.

Вазыгджын хъуыдыйæдты классификаци. Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн синтаксисон ахастытæ æвдисыны мадзæлттæ. Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ: бабæтгæвазыгджын, домгæвазыгджын. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бирæхайон вазыгджын хъуыдыйæдтæ.

Искæй ныхас зæгъыны мадзæлттæ. Комкоммæ æмæ фæрссаг ныхас.

***11. Растфыссынад æмæ пунктуаци***

Орфографи куыд раст фыссыны æгъдæутты системæ. Орфограммæйы æмбарынад.

Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты мидæг. Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты растфыссынад морфемæты æхсæн.

Дзырдтæ иумæ, дефисимæ æмæ хицæнтæй фыссыны æгъдæуттæ. Цыбыргонд дзырты растфыссынад. Стыр æмæ чысыл дамгъæйæ фыссыны æгъдæуттæ. Дзырдтæ иу рæнхъæй иннæмæ хæссын. Орфографион дзырдуат.

Орфографион æвзæрст.

Пунктуацийы æмбарынад. Æрхæцæн нысæнттæ æмæ сæ функцитæ. Иугай æмæ къайджын æрхæцæн нысæнттæ.

Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады кæрон.

Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг æнæвазыгджынгонд хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ хуымæтæг вазыгджынгонд хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады: бабæттæгвазыгджын, домгæвазыгджын, æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады.

Æрхæцæн нысæнттæ вазыгджын хъуыдыйады бастдзинады цалдæр хуызимæ.

Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасы, цитатæимæ ныхасы, диалоджы.

Æрхæцæн нысæнтты фембæлд.

## Социокультурон компетенци æвзæрынгæнæг мидис

***Æхсæнад æмæ цардыуаг.*** Бинонты цардыуаг. Ирон æгъдæуттæ. Хистæр æмæ кæстæры, уазæг æмæ фысымы ’хсæн ахастытæ, хи дарыны уаг. Улæфты рæстæг. Ды æмæ де ’мбæлттæ. Ирон бæрæгбонтæ. Удварны хæзнатæ. Райгуырæн бæстæ. Адæймаг æмæ æхсæнадон цард. Разамынд дæттыны сусæгдзинæдтæ. Æфсæддон намыс. Æндæр бæстæты цард. Ирыстоны рагон историйы цаутæ. Ирыстоны баиу Уæрæсеимæ. Ирыстоны паддзахадон арæзт æмæ нысæнттæ. Республикæйы социалон-экономикон уавæр. Фæсивæды проблемæтæ нæ рæстæджы.

***Æрдз.*** Нæ алыварс дуне. Адæймаг æмæ æрдз. Афæдзы афонтæ. Космосон тыгъдад. Æрдзы фæзындтæ. Æрдз æмæ адæймаг. Зайæгойты дуне. Ирыстоны хæхтæ æмæ цæугæдæттæ. Уæрæсе, Кавказ æмæ æндæр бæстæты æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Мæргътæ æмæ цæрæгойты цард. Ирыстоны кæмттæ. Ирыстоны æрдзы хъæздыгдзинæдтæ. Зæххы къори. Адæймаг æмæ космос. Галактикæйы арæзт.

***Ахуырад æмæ фæллой.*** Ахуыры фыццаг бон. Каникултæ алы рæтты æмæ бæстæты. Ахуыргæнæн чиныг. Боны фæтк. Скъолайы чиныгдон. Скъолайы бæрæгбонтæ. Ахуыргæнæг æмæ скъоладзаутæ. Зындгонд ахуыргæндтæ. Наукæ æмæ ахуырад. Фæллойы ахадындзинад адæймаджы царды. Алыхуызон дæснийæдтæ. Скъоладзауты æхсæнадон куыст. Ирон литературон æвзаджы равзæрд. Хосгæнæн кæрдæджытæ. Иуæй-иу куыстуæттæ. Ахуырад Уæрæсейы æмæ æндæр бæстæты. Антикон æмæ астæуккаг æнусты ахуыргæндтæ Зæххы тыххæй. Антикон ахуыргæндтæ космосы тыххæй. Цыбыр зонинæгтæ зындгонд ахуыргæндты тыххæй. Дунейы адæмты æвзæгтæ. Ирон æвзагзонынады историйæ.

***Культурæ.*** Æвзаг æмæ культурæ. Мадæлон æвзаг. Уырыссаг æвзаг. Ирон æмæ дунейы адæмты культурæ. Ныхасы этикет. Ирон адæмы дзургæ сфæлдыстады уацмыстæ. Ирыстоны цытджын лæгтæ. Уæрæсейы хъæбатыртæ. Адæймаджы удварны миниуджытæ. Къостайы цард æмæ сфæлдыстад. Царциаты диссæгтæ. Ирыстоны рагон цардæй. Адæмон-поэтикон сфæлдыстад. Нарты кадджытæ – ирон адæймаджы удварны кодекс. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æфсæддон разамонджытæ æмæ хуымæтæг салдæттæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты цыртдзæвæнтæ Ирыстоны. Ирон адæмы æгъдæуттæ. Курдиат æмæ аивады тых. Ирыстоны историон цыртдзæвæнтæ. Мадæлон æвзаг. Спорт æмæ Олимпаг хъæзтытæ. Зындгонд ирыстойнаг спортсментæ. Спорт æмæ физкультурæйы ахадындзинад царды.

Ныхасы культурæ. Ирон национ культурæ: нывкæнынад, музыкалон аивад, киноаивад. Ирыстоны намысы лæгтæ. Дунейы адæмты музыкалон культурæ. Нырыккон музыкæйы стильтæ. Зындгонд музыканттæ æмæ музыкалон къордтæ.

## ТЕМАТИКОН ПЪЛАНТÆ

### Тематикон пълан 5 къл. (къуыри 1,5 сах., æдæппæтæй 51 сах., уыдонæй 4 сах. – контролон куыстытæ)

| Урочы номыр | Темæ | Урочы мидис | Скъоладзауты архайды хуызтæ |
|---|---|---|---|
| **Æвзаг – адæмæн сæ кæрæдзийы æмбарыны сæйраг фæрæз<br>1 – 4-æм кълæсты рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын** (4 сах.) | | | |
| 1. | Рацыд кълæсты æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын | Дзырды хæйттæ. Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад дзырды уидаджы, разæфтуан *ны*-йы фæстæ, фæсæфтуантæ *-аг-* æмæ *-он*-ы разæй. Текст. | Хицæн дзырдтæй хъуыдыйæдтæ аразын.<br>Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад фæлхат кæнын.<br>Дзырдты орфограммæтæ агурын æмæ бæрæг кæнын.<br>Разæфтуаны фæстæ дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Сæрд æмæ каникултæ.**<br>**Скъоладзаутæ æмæ ахуыргæнæг.**<br>Æмдзæвгæтæ «Сæрдыгон бонтæ» «Уæд ды та?», «Бег æмæ Тег» (Цæрукъаты В.) | Сæрдыгон каникулты тыххæй радзурын зонын.<br>Тексты мидис æмбарын  æмæ хи хъуыдытæ дзурынмæ арæхсын.<br>Æмбарынгæнæн дзырдуаты фæрцы дзырдты нысаниуджытæ бæрæг кæны.<br>Сидæнтæй пайдагæнгæйæ, радзырд кæронмæ фыссын. |
| 2. | Дзырды хæйттæ фæлхат кæнын | Номдарты тасындзæг. Хауæнты кæрæтты æмæ номдарты бирæон нымæцы растфыссынад.<br>Цæсгомон номивджытæ (æххæст хуызы). Сæ растфыссынад. | Номдарты тасындзæг бæрæг кæнын.<br>Хауæнты кæрæтты æмæ номдарты бирæон нымæцы растфыссынад бæлвырд кæнын.<br>Цæсгомон номивджытæ раст фыссын.<br>Дзырдтæ фыссын, цухгонд дамгъæтæ æвæргæйæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æвзаг – нæ царды бындур.**<br>Скъуыддзаг таурæгъæй. | Генеалогион бæласы нывмæ гæсгæ ирон æвзаджы тыххæй дзурын. Ирон дзырдты дыгурон эквиваленттæ кæсын æмæ сæ зæрдыл дарын. Мадæлон æвзаджы тыххæй иумæйаг хъуыды бæлвырд кæнын. Дзырдуæтты фæрцы бæрæггонд дзырдтæ тæлмац кæнын. *Къордты куыст* – текстæн сæргонд хъуыды кæнын, хъусын æмбæлтты варианттæм æмæ сын аргъ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 3. | Номдар. Мивдисæг. Миногон. Номивæг. | Мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм æмæ нымæцтæм гæсгæ нырыккон, ивгъуыд æмæ суинаг афонты (æргомон здæхæны). Мивдисджыты кæрæтты растфыссынад. | Æргомон здæхæны нырыккон, ивгъуыд æмæ суинаг афонты мивдисджытæ ифтындзæг кæнын. Мивдисæджы ифтындзæджы таблицæмæ гæсгæ сæ растфыссынады тыххæй хатдзæгтæ кæнын. Мивдисджытæ хъæугæ формæйы æвæрын æмæ хъуыдыйæдтæ фыссын. Номдарты тасындзæджы хицæндзинæдтæ уынын. Миногонты формæтæй раст пайда кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Æвзаг – нæ царды бындур.** Скъуыддзаг журнал «Ногдзау»-æй Скъуыддзаг Цгъойты Х. текстæй. Хаджеты Т., Хъодзаты Æ. æмдзæвгæтæй скъуыддзæгтæ. | Хъусынгæнинаг цæттæ кæнын. Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын. Тексты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. Нывмæ гæсгæ аргъау хъуыды кæнын. Аргъауы мидис цыбыртæй фыссын. |
| 4. | Хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг фæлхат кæнын | *Фæлхат кæнын* Хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл лæууын кæнын. | Бæрæг кæнын хъуыдыйæдты хуыз загъды нысанмæ гæсгæ. Вазыгджын дзырдтæн морфемон анализ кæнын. Хъуыдыйады грамматикон бындур бæрæг кæнын. Хъуыдыйады сæйраг уæнгты морфологион миниуджытæ бæрæг кæнын. Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ кæрæдзийæ иртасын. Хуымæтæг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Райгуырæн бæстæ.** Скъуыддзаг Баситы С. æмдзæвгæйæ. Текст Саламты А. гæсгæ. Тетцойты Т. æмдзæвгæ. | Æмдзæвгæйы мидис æвзарын. Æмдзæвгæйы темæ æмæ идейæ бæрæг кæнын. Æмдзæвгæйы мидисмæ гæсгæ диалог аразын. Тексты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын. Тексты амынд грамматикон æрмæг агурын æмæ дзуапп дæнцæгты фæрцы бафидар кæнын. |
| **Синтаксис. Пунктуаци.** (17 сах.) | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 5. | Синтаксис æмæ пунктуацийы æмбарынад | Синтаксисы сæйраг иуæгтæ: дзырдбаст, хъуыдыйад, текст.<br>Фæлхат кæнын<br>Дзырды хæйттæ.<br>Ныхасы хæйттæ. | Синтаксисы сæйраг иуæгты тыххæй раиртæст кæсын æмæ йын йæ мидис æвзарын.<br>Раиртæст хи дæнцæгтæй баххæст кæнын.<br>Дзырдбаст æмæ хъуыдыйады кæрæдзиуыл барын. Иумæйаг æмæ хицæн миниуджытæ амонын. Хъуыдыйады уæнгтæ æмæ ныхасы хæйтты æмахастытæ æмбарын.<br>Ныхасы хæйтты синтаксисон функцитæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдтæн морфемон анаииз кæнын.<br>Дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдзы мидæг алцыдæр рæсугъд у.**<br>Ирон таурæгътæй скъуыддзæгтæ. | Æмбисæндты мидис бæрæг кæнын.<br>Æмбисæндты мидисыл æрныхас кæнын, хи хъуыдытæ дзурын.<br>Нывтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Текстæн сæргонд дæттын.<br>Уыци-уыцитæн дзуапп дæттын, хи хъуыды æмбарын кæнын.<br>хицæн хъуыдыйæдтæй текст аразын. |
| 6. | Дзырдбаст | Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ дзырдбасты мидæг. | Дзырдбасты æмбарынад зонын.<br>Дзырд æмæ дзырдбаст кæрæдзиуыл барын, хатдзæгтæ кæнын.<br>Хуызæгмæ гæсгæ дзырдбæстытæ æвзарын, хæйтты нымæц, ахастытæ, синтаксисон бастдзинады хуызтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номдар. Мивдисæг. Фæрсдзырд. Цæсгомон номивджытæ. | Ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ иртасын, сæ категориалон миниуджытæ зонын. Тексты сæрмагонд ныхасы хæйттæ агурын, фæрстытæ сæм дæттын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрдзы мидæг алцыдæр рæсугъд у.**<br>«Арвы дидинджытæ», «Тулдз тала» (Айларты Ч.), «Цæмæн афтæ у?» (Текъойты И.) | Нывтæм гæсгæ темæимæ баст дзырдбæстытæ аразын.<br>Тексттæ аив кæсын æмæ сæ мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Тексты мидисыл æрныхас кæнын.<br>Базон-базонæн йæ мидис æвзарын.<br>Æмбисæндтæн сæ мидис æвзарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 7. | Дзырдбаст æвзарыны фæтк | Хуымæтæг æмæ вазыгджын дзырдбæстытæ. Номон æмæ мивдисæгон дзырдбæстытæ. Дзырдбасты æвзæрсты схемæ. | Дзырдбасты æмбарынад зонын. Дзырдбаст вазыгджын дзырдæй иртасын. Дзырдбаст æндæр дзырдты къордтæй иртасын. Дзырдбасты сæйраг æмæ дæлбар компоненттæ агурын. Сæйраг компонентæй фарст дæттын. Дзырдбасты хæйтты морфологион миниуджытæ бæрæг кæнын. Хуызæгмæ гæсгæ дзырдбаст æвзарын. |
| | | *Фæлхат кæнын* Мивдисджыты ивынад цæсгæмттæм гæсгæ. Синонимтæ. | Мивдисджыты ифтындзæг фæлхат кæныны фæлтæрæнтæ æххæст кæнын. Мивдисджыты сконд уынын, морфемæтæ хицæн кæнын. Дзырдбæстытæ синонимтæй ивын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Ирыстоны æрдз.** «Бæлæстæ цæуылнæ цæуынц?» (Цæгæраты Г.) | Тексты мидис нывимæ барын. Текст æвзаргæ каст кæнын. Тексты хъæугæ информаци арын. Радзырды мидисмæ фæрстытæ дæттын. |
| 8. | Хъуыдыйад | Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ. Хъуыдыйады хуызтæ эмоционалон ахуырстмæ гæсгæ. Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. | Хъуыдыйад дзырдбастæй иртасын. Хъуыдыйад æмæ дзырдбасты сæйраг миниуджытæ амонын. Хъуыдыйадæн анализ кæнын. Дзырдтæ цухгонд дамгъæтæй æххæст кæнын æмæ текст фыссын. Хъуыдыйады мидæг æрхæцæн нысæнттæ æвæрын зонын. |
| | | *Фæлхат кæнын* Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ дзырдбасты мидæг. Синонимтæ. | Дзырдбасты сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ бæрæг кæнын. Дзырдтæн синонимтæ арын, хи хъуыды æмбарын кæнын. Синонимты нысаниуджыты хицæндзинæдтæ уынын. |
| | | *Ныхасы рæзт* **Ирыстоны æрдз.** Тексттæй скъуыддзæгтæ. | Радзырд рольтæм гæсгæ аив кæсын. Радзырды сæйраг хъуыды бæрæг кæнын. Дæнцæгмæ гæсгæ радзырд аразын. Радзырдæн сæргонд дæттын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 9. | Хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ æмæ интонацимæ гæсгæ | Таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæ. Хъæрон æмæ æнæхъæрон хъуыдыйæдтæ. | Загъды нысан æмæ интонацион хицæндзинад кæрæдзийæ иртасын.<br>Хъуыдыйады хуыз загъды нысанмæ гæсгæ бæрæг кæнын.<br>Таурæгъон, хъæрон æмæ æнæхъæрон хъуыдыйæдтæ тексты арын æмæ аразын зонын.<br>Фарстон хъæрон æмæ æнæхъæрон хъуыдыйæдтæ тексты арын æмæ аразын зонын.<br>Разæнгардгæнæн хъуыдыйæдты структурон миниуджытæ зонын (мивдисæг фæдзæхстон здæхæны). |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады æвзæрст. | Хъуыдыйады грамматикон бындур бæрæг кæнын.<br>Фæрссаг уæнгты ныхасыхайон миниуджытæ иртасын.<br>Хъуыдыйады синтаксисон анализы фæтк зонын.<br>Хъуыдыйады структурон схемæ аразын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фæззæг.**<br>«Фæззæджы ахорæнтæ» (Беджызаты Ч.), «Зæрватыкк дзуры дæумæ» (Уырымты П.) | Радзырд кæронмæ хæццæ кæнын.<br>Сæргонды мидис æмбарын кæнын.<br>Текстæй æвзаргæ фыст кæнын.<br>Текст хинымæры кæсын æмæ йæ мидис æмбарын.<br>Тексты хъæугæ грамматикон æрмæг арын. |
| 10. | Хъуыдыйады уæнгтæ. Сæйраг уæнгтæ | Хъуыдыйады грамматикон бындур. Сæйраг æмæ фæрссаг уæнгты æмбарынад. Сæйраг уæнгты функцитæ. Сæйраты хуызтæ. зæгъинаджы хуызтæ. | Хъуыдыйады сæйраг уæнгты æмбарынад зонын.<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур бæрæг кæнын.<br>Сæйрат комкоммæ æххæстгæнæнæй хицæн кæнын.<br>Зæгъинаджы арæзт æмбарын.<br>Хъуыдыйадæн синтаксисон анализ кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ дзырдбасты мидæг. | Дзырдбаст, дзырд æмæ хъуыдыйады сæйраг миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдбаст дзырдимæ æмæ хъуыдыйадимæ барын æмæ хатдзæгтæ кæнын.<br>Тексты алыхуызон дзырдбæстытæ агурын æмæ сæ фыссын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Фæззæг.** | Нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæй бæлвырд темæмæ гæсгæ текст аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | Радзырд «Тæхынц хърихъуппытæ» (Хъарадзауты Ю.).<br>Æмдзæвгæ «Салам» (Тыджыты Ю.). | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Уыци-уыциты дзуæппытæ зонын.<br>*Къордты куыст:* æрдзы фæзындты тыххæй хи фиппайнæгтæ дзурын, тексты æвдыст æууæлтимæ сæ барын, æмбæлтты варианттæм хъус дарын, аргъ сын кæнын. |
| 11. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. Æххæстгæнæн. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгты æмбарынад. Æххæстгæнæн.<br>Комкоммæ æмæ фæрссаг æххæстгæнæнтæ. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгты тыххæй раиртæст кæсын æмæ йын йæ мидис æвзарын.<br>Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ иннæ дзырдтæй (уæнгтæй) иртасын. Æххæстгæнæны тыххæй раиртæст кæсын æмæ йæ æмбарын. Раиртæст хи дæнцæгтæй æххæст кæнын.<br>Хъуыдыйады мидæг æххæстгæнæн арын æмæ йæ раст бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ. | Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Грамматикон бындур хицæн кæнын.<br>Сæйрат арын æмæ йын йæ ныхасыхайон миниуджытæ амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Цæрæгойтæ – нæ хуызджер хæлæрттæ.**<br>Скъуыддзаг газет «Рæстдзинад»-æй. | Нывмæ гæсгæ æххæстгæнæнтимæ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Нывмæ гæсгæ радзырд аразын.<br>Текст кæсын æмæ йæ мидисмæ фæрстытæ дæттын.<br>æмбисæндтæ хъæугæ дзырдтæй æххæст кæсын. |
| 12. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. Бæрæггæнæн. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгты æмбарынад. Бæрæггæнæн. | Бæтæггæнæны раиртæст кæсын æмæ йын йæ мидис æмбарын.<br>Тексты бæрæггæнæнтæ арын.<br>Дзырдтæм фæрстытæ дæттын.<br>Бæрæггæнæны бастдзинад сæйрат æмæ æххæстгæнæнимæ уыны. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады кæрон. Хъуыдыйады грамматикон бындур. | Хъуыдыйады кæрон хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын.<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Цæрæгойтæ – нæ хуыздæр хæлæрттæ.**<br>Æмдзæвгæ «Барбос» (Плиты Х.).<br>Текст «æнкъард хабар» (Хъодзаты Æ.). | Радзырд рольтæм гæсгæ кæсын.<br>Радзырды сæргонд æмбарын кæнын.<br>Фæрстытæн æххæст дзуæппытæ дæттын.<br>Текстмæ гæсгæ диалог аразын.<br>Диалоджы архайын. |
| 13. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ. Фадатон дзырдтæ. | Хъуыдыйады фæрссаг уæнгты æмбарынад. Фадатон дзырдтæ. | Фадатон дзырды æмбарынад зонын.<br>Фадатон дзырдты фæрстытæ зæрдыл дарын.<br>Фæрстытæм гæсгæ тексты фадатон дзырдтæ арын.<br>Фадатон дзырдты æмбарынад ныффидар кæныны фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Зæгъинаг æмæ фадатон дзырды бастдзинад бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ: таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн. | Хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ бæрæг кæнын.<br>Тексты фæрстытæм гæсгæ фæрссаг уæнгтæ агурын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Къостайы сабийы бонтæ.**<br>Къостайы нывтæй иу.<br>Скъуыддзаг Хетæгкаты Н., Хæблиаты С. уацмысæй «Къостайы кадæг». | Ныв æвзарын æмæ фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Радзырдæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>*Къордты куыст:* текстæн иумæйаг пълан аразын, кæрæдзийы хъуыдытæм хъусын æмæ хатдзæгтæ кæнын. |
| 14. | Хуымæтæг цыбыр æмæ даргъ хъуыдыйæдтæ | Таурæгъон æмæ фарстон хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ.<br>Таурæгъон, фарстон, разæнгардгæнæн хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ. | Цыбыр æмæ даргъ хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл барын, хатдзæгтæ кæнын.<br>Хуымæтæг цыбыр хъуыдыйадæй даргъ хъуыдыйад аразын.<br>Хуымæтæг даргъ хъуыдыйадæй цыбыр хъуыдыйад аразын.<br>Тексты хуымæтæг хъуыдыйæдтæ арын, сæ хуыз сын бæрæг кæнын.<br>Грамматикон бындурмæ фæрссаг уæнгтæ æфтауын æмæ хъуыдыйæдтæ фыссын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъæрон æмæ æнæхъæрон хъуыдыйæдтæ.<br>Хъуыдыйæдты хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ. | Бæрæг кæнын хъуыдыйæдты хуызтæ сæ загъды нысанмæ гæсгæ.<br>Бæрæг кæнын хъуыдыйæдты хуызтæ интонацимæ гæсгæ.<br>Хъуыдыйæдтæ æвзарын хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ рагфыдæлты цардæй.**<br>Скъуыддзаг текстæй «Нæ фыдæлты фарн» (Джыккайты Ш. гæсгæ). | Тексты сæргондмæ гæсгæ йæ темæ æмæ мидис бæрæг кæнын.<br>Нывтæм гæсгæ хуымæтæг цыбыр æмæ хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ хъуыды кæнын.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ кæрæдзимæ фæрстытæ дæттын æмæ иумæйаг хатдзæгтæ кæнын. |
| 15. | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ | Хъуыдыйады æмхуызон уæнгты æмбарынад.<br>Æмхуызон сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ. | Æмхуызон уæнгты тыххæй раиртæст кæсын æмæ йын анализ кæнын.<br>Раиртæст хи дæнцæгтæй æххæст кæнын.<br>Хъуыдыйæдты æмхуызон уæнгтæ амонын.<br>Æмхуызон уæнгты синтаксисон функци бæрæг кæнын.<br>Схемæмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ.<br>Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ: æххæстгæнæн, бæрæггæнæн æмæ фадатон дзырдтæ (хицæн хуызтыл сæ нæ дихгæнгæйæ). | Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдтæ сæ ныхасыхайон миниуджытæм гæсгæ къордтыл дих кæнын.<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ рагфыдæлты цардæй.**<br>Скъуыддзаг ирон таурæгъæй. | *Къордты куыст:* тексты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуæппытæ дæттын.<br>Дзуæппытæм гæсгæ иумæйаг хатдзæг кæнын. |
| 16. | Контролон куыст | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 17. | Сидæн | Сидæны æмбарынад.<br>Хуымæтæг æмæ даргъгонд синдæнтæ.<br>Сидæны бынат хъуыдыйады.<br>Æрхæцæн нысæнттæ сидæнимæ. | Сидæны раиртæст кæсын æмæ æмбарын.<br>Хъуыдыйæдты сидæнтæ арын.<br>Хуымæтæг сидæнтæ амонын.<br>Даргъгонд сидæнты арæзт бæрæг кæнын.<br>Хуызæгмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ хъуыды кæнын.<br>Сидæны бынат хъуыдыйады мидæг бæрæг кæнын, хатдзæгтæ кæнын.<br>Къæлæттæ гом кæнгæйæ, хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Сидæн интонацийы фæрцы хицæн кæнын.<br>Сидæнтимæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрынил фæлтæрын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады сæйраг уæнгтæ: сæйрат, зæгъинаг. Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ: æххæстгæнæн, бæрæггæнæн æмæ фадатон дзырдтæ (хицæн хуызтыл сæ нæ дихгæнгæйæ). | Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгты тыххæй зонындзинæдтæ ныффидар кæныны фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ амонын, фæрстытæ сæм дæттын.<br>Хъæугæ бæттæгтæ æвæргæйæ, хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Æмхуызон уæнгтимæ хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ рагфыдæлты цардæй.**<br>Скъуыддзаг таурæгъæй «Кады ном». | Тексты сæргонд æмбарын кæнын.<br>Фæлтæрæны хæслæвæрдмæ гæсгæ чысыл уац фыссын.<br>Текстæй сæйраг хъуыды æвдисæг хай хицæн кæнын. |
| 18. | Вазыгджын хъуыдыйад | Хуымæтæг даргъ хъуыдыйæдтæ.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæ<br>(сæ хуызтæ нæ бæрæг кæнгæйæ). | Вазыгджын хъуыдыйады раиртæст кæсын æмæ æмбарын.<br>Вазыгджын æмæ хуымæтæг хъуыдыйæдты сæйраг хицæндзинæдтæ зонын æмæ амонын.<br>Хъуыдыйады грамматикон бындурты нымæц бæрæг кæнын.<br>Тексты вазыгджын хъуыдыйæдтæ арын æмæ сæ фыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хуымæтæг даргъ æмæ хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ. | Текстæй æвзаргæ фыст кæнын. Хуымæтæг даргъ æмæ хуымæтæг цыбыр хъуыдыйæдтæ иртасын.<br>Раиртæсты руаджы дзуæппытæ æххæст кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Адæмон сфæлдыстад. Нарты кадджытæ.**<br>Скъуыддзаг Бзарты Р. текстæй.<br>Скъуыддзаг Нарты кадджытæй. | *Къæйттæй куыст:* диалоджы архайын.<br>Лингвистикон дзырдуатæй пайда кæнын.<br>Нывмæ гæсгæ хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Текст мидисон хæйттыл дих кæнын. |
| 19. | Вазыгджын хъуыдыйад æвзарыны фæтк | Дыуугæ хуымæтæг хъуыдыйадæй арæзт вазыгджын хъуыдыйæдтæ. | Хъуыдыйæдты кæрæттæ бæрæг кæнын, хъæугæ æрхæцæн нысæнттæ æвæрын. Хъуыдыйæдтæ лæвæрд фæткмæ гæсгæ æвзарын. Фæлтæрæны тексты вазыгджын æмæ хуымæтæг хъуыдыйæдтæ агурын.<br>Вазыгджын хъуыдыйад хуызæгмæ гæсгæ æвзарын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Сидæн. Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады сидæнимæ. | Хуымæтæг æмæ даргъгонд сидæнтæ кæрæдзиуыл барын.<br>Алыхуызон сидæнтимæ хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ æвæрын æмæ сæ æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нарты кадджытæ.**<br>Скъуыддзаг Нарты кадджытæй. | Текст рольтæм гæсгæ кæсын. Текстæн пълан аразын æмæ йæ хи ныхæстæй дзурын.<br>*Къордты куыст:* текстæн сæргонд хъуыды кæнын, хъусын кæрæдзи хъуыдытæм æмæ иумæйаг хатдзæгтæ кæнын.<br>*Къæйттæй куыст:* текст цæсгæмттæм гæсгæ кæсын. |
| 20. | Комкоммæ ныхас | Комкоммæ ныхас.<br>Авторы ныхас.<br>Комкоммæ ныхасы арæзт.<br>Æрхæцæн нысæнттæ хъуыдыйады комкоммæ ныхасимæ. | Комкоммæ ныхас æмæ авторы ныхасы хицæндзинад æмбарын. Комкоммæ ныхасы арæзт зонын.<br>Комкоммæ ныхасы бынат хъуыдыйады мидæг иртасын.<br>Комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ æвæрыныл фæлтæрын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Къæдзыг вазыгджын хъуыдыйады хуымæтæг хъуыдыйæдты ’хсæн. | Вазыгджын хъуыдыйад хæйттыл дих кæнын.<br>Вазыгджын хъуыдыйады хæйтты æхсæн æрхæцæн нысæнттæ æвæрын, хъуыдыйæдтæ фыссын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Дунейыл æгъдауæй хистæр ницы ис.**<br>Скъуыддзаг Нарты кадджытæй.<br>Скъуыддзæгтæ ирон таурæгътæй. | Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын. Лæвæрд репликæтæй пайда кæнгæйæ, диалог аразын. Диалог фыссын. Зонын, цы у авторы ныхас æмæ комкоммæ ныхас. Дзырдуæттæй пайда кæнын, дзырдты нысаниуджытæ бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 21. | Диалог | Диалоджы æмбарынад.<br>Диалоджы арæзт.<br>Диалог фыссыны æгъдæуттæ. | Комкоммæ ныхас æмæ диалоджы раиртæстытæ бакæсгæйæ, сæ хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын.<br>Комкоммæ ныхасæй диалог аразын.<br>Диалог фыссын, æрхæцæн нысæнттæ æвæргæйæ.<br>*Къæйттæй куыст:* фæлтæрæн – диалог цæсгæмттæм гæсгæ кæсын. |
| | | *Фæлхат кæнын:*<br>Комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдты арæзт. | Комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдты арæзт æвзарын.<br>Комкоммæ ныхасы бынат амонын.<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын. |
| | | Ныхасы рæзт<br>Историон цаутæ.<br>Скъуыддзаг текстæй<br>С.Я. Маршакмæ гæсгæ.<br>Скъуыддзæгтæ ирон таурæгъæй. | Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>*Къордты куыст:* диалогон ныхасы архайын.<br>Хъуыдыйæдты мидис æмбарын.<br>Рагфыдæлты царды тыххæй хи зонындзинæдтæй пайда кæнгæйæ, цыбыр радзырд фыссын. |
| 22. | Рацыд æрмæг фæлхат кæнын | Хуымæтæг цыбыр æмæ даргъ хъуыдыйæдтæ.<br>Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.<br>Вазыгджын хъуыдыйæдтæ.<br>Комкоммæ ныхас. | Хуымæтæг æмæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Хуымæтæг хъуыдыйад æвзарын.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ амонын.<br>Æрхæцæн нысæнтты æвæрд æмбарын кæнын.<br>Фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Схемæмæ гæсгæ вазыгджын хъуыдыйæдтæ æвзарын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Нæ рагфыдæлты куырыхон лæгтæ.**<br>Скъуыддзаг Агънаты Г. радзырдæй. | Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын.<br>Сæргонды æвзæрст бамбарын кæнын.<br>Сæйраг хъуыды æвдисæг хъуыдыйæдтæ амонын.<br>Диалог рольтæм гæсгæ кæсын, хъæлæсы уагæй хъæугæ æнкъарæнтæ æвдисгæйæ. |
| 23. | Контролон куыст | | |
| **Фонетикæ, орфоэпи, графикæ æмæ орфографи** (5 сах.) | | | |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 24. | Фонетикæ | Фонетикæйы æмбарынад.<br>Мыр æмæ дамгъæ.<br>Мырты равзæрд æмбарын кæнын. | Мырты равзæрды хицæндзинæдтæ æмбарын.<br>Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдтæн мырон-дамгъон æвзæрст кæнын.<br>Схемæйы арæзт æмбарын.<br>Дзырдты арæзт бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Мыртæ æмæ дамгъætæ.<br>Сæ хицæндзинæдтæ. | Дзурæн оргæнтæ зонын, æмбарын кæнын алы дзурæн оргæны куыст дæр мырты равзæрды.<br>Хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты арæзты тыххæй дзурын.<br>Хъæлæсонты хуызтæ зонын, æмхъæлæсонты хуызтæ зонын.<br>Дзырдæн фонетикон анализ кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Адæймаг æмæ дуне.**<br>Скъуыддзаг Чеджемты Г. текстæй. | Текстæн йæ мидисмæ гæсгæ сæргонд хъуыды кæнын.<br>Радзырдты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Радзырды мидисыл ныхас кæнын, хи хъуыдытæ дзурын æмæ хатдзæгтæ кæнын. |
| 25. | Хъæлæсон мыртæ | Хъæлæсон мырты равзæрд.<br>Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонты хицæндзинæдтæ. | Дзырдты хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ бæрæг кæнын.<br>Хъæлæсонты дзурынад æмæ æмхъæлæсонты дзурынад барын.<br>Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонты арæзты æмæ дзурынады хицæндзинæдтæ æмбарын.<br>Дзырды хъæлæсонты хуыз бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырдбаст. | Хъуыдыйадæй дзырдбæстытæ хицæн кæнын.<br>Дзырдбæстыты хуыз сæ арæзтмæ гæсгæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдбæстыты сæйраг æмæ дæлбар дзырдтæ амонын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Адæймаг æмæ дуне.**<br>Скъуыддзаг Чеджемты Г. текстæй. | Текст аив кæсын æмæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Текст хи ныхæстæй дзурын.<br>Пъланмæ гæсгæ монолог аразын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 26. | Æмхъæлæсон мыртæ | Æмхъæлæсон мыртæ.<br>Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ.<br>Сонорон æмхъæлæсонтæ.<br>Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ, æмхъæлæсон къордтæ, сæ растфыссынад. | Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты хицæндзинæдтæ зонын.<br>Дзырды æмхъæлæсонты хуыз бæрæг кæнын.<br>Сонорон æмхъæлæсонты миниуджытæ амонын.<br>Дæргъæвæтин æмхъæлæсонтæ дывæргонд дамгъæтæй фыссын зонын.<br>Дзырдты æмхъæлæсонты къордтæ амонын.<br>Æмхъæлæсонты къордты растдзурынад æмæ растфыссынады фæлтæрæнтæ æххæст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды хæйттæ. | Дзырды хæйттæ зонын.<br>Дзырдтæ нысаниуæгджын хæйттыл дих кæнын.<br>Рæдыдтытæ раст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирыстоны спорты номдзыд нæмттæ.**<br>Скъуыддзаг Гæджиты С. текстæй. | Текстæн йæ мидисмæ гæсгæ сæргонд хъуыды кæнын.<br>Иу зындгонд спортсмены тыххæй цыбыр уац фыссын. |
| 27. | Дамгъуат. | Дамгъуаты æмбарынад.<br>Къухфыст æмæ мыхуыргонд дамгъæты хицæндзинæдтæ. | Дамгъуат зæрдывæрдæй зонын.<br>Дамгъуаты алы дамгъæ дæр раст кæсын.<br>Дамгъæты мырон хицæндзинæдтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын:*<br>Дæргъвæтин æмхъæлæсонты растфыссынад. | Дзырды фонетикон анализ кæнын.<br>Дæргъвæтин æмхъæлæсон мыртæ дывæргонд дамгъæтæй фыссын зонын.<br>Дзырдты орфограммæтæ амонын.<br>Дзырдты растфысынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Афæдзы афонтæ. Зымæг.**<br>Скъуыддзаг Агъннаты Г. текстæй. | Тексты сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Текст хи ныхæстæй дзурын.<br>Зымæгон æрдзы тыххæй дзурын. |
| 28. | Уæнг. Цавд. | Уæнг. Цавдон æмæ æнæцавдон уæнгты хицæндзинæдтæ.<br>Дзырд иу рæнхъæй иннæмæ | Фæлтæрæны тексты иууæнгон, дыууæуæнгон, æртæуæнгон æмæ цыппаруæнгон дзырдтæ агурын.<br>Хъæлæсонты фембæлд дзырды кæрон æмæ иннæ дзырды |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | хæссыны ӕгъдӕуттӕ.<br>Хъӕлӕсонты фембӕлд<br>дзырды кӕрон ӕмӕ иннӕ дзырды райдайӕны. Сӕ растфыссынад. | райдайӕны ӕмбарын кӕнын.<br>Цавдон уӕнгтӕ бӕрӕг кӕнын.<br>Дзырдтӕ иу рӕнхъӕй иннӕмӕ хӕссыны тыххӕй дих кӕнын.<br>Орфограммӕтӕ амонын ӕмӕ ӕмбарын кӕнын. |
| | | *Фӕлхат кӕнын*<br>Хъӕлӕсонты растфссынад. | Дзырды хъӕлӕсонты рахауд амонын.<br>Дзырды хъӕлӕсонты фембӕлд уынын.<br>Дзырд нысаниуӕгджын хӕйттыл дих кӕнын.<br>Хъӕлсонты орфограммӕтӕ ӕмбарын кӕнын. |
| | | *Ныхасы рӕзт*<br>**Афӕдзы афонтӕ. Зымӕг.**<br>Аргъауӕй скъуыддзаг. Багаты Л. ӕмдзӕвгӕйӕ скъуыддзаг. | Тексты сӕйраг хъуыды ӕмбарын.<br>Уыци-уыцитӕ базонын.<br>*Къӕйттӕй куыст:* радзырд цӕсгӕмттӕм гӕсгӕ кӕсын. |
| **Лексикӕ** (5 сах.) | | | |
| 29. | Лексикӕ.<br>Бирӕнысаниуӕгад | Лексикӕ. Дзырды лексикон нысаниуӕг. Дзырды бирӕнысаниуӕгады тыххӕй ӕмбарынад. | Дзырды лексикон нысаниуӕг ӕмӕ грамматикон нысаниуӕг кӕрӕдзийӕ иртасын.<br>Раиртӕст кӕсын ӕмӕ йын анализ кӕнын.<br>Тексты иунысаниуӕгон ӕмӕ бирӕнысаниуӕгон дзырдтӕ агурын. Бирӕнысаниуӕгон дзырдтимӕ хъуыдыйӕдтӕ аразын.<br>Дзырдуӕттимӕ кусын, дзырдты нысаниуджытӕ бӕрӕг кӕнын. |
| | | *Фӕлхат кӕнын*<br>Ныхасы хӕйттӕ | Дзырдбыд ӕххӕст кӕнын.<br>Сӕрмагонд ӕмӕ ӕххуысгӕнӕг ныхасы хӕйттӕ кӕрӕдзийӕ иртасын. Хъуыдыйады мидӕг дзырд куыд ныхасы хай бӕрӕг кӕнынмӕ арӕхсын.<br>Ныхасы хӕйтты категориалон нысаниуджытӕ зонын |
| | | *Ныхасы рӕзт*<br>**А.С. Пушкины сабидуг.**<br>(Н. Воробьева ӕмӕ Н. Верховскаямӕ гӕсгӕ) | Текст аив кӕсын.<br>Тексты мидис хи ныхӕстӕй дзурын.<br>Тексты мидисмӕ гӕсгӕ фӕрстытӕн дзуаппп дӕттын.<br>Тексты мидисмӕ фӕрстытӕ дӕттын.<br>Мадӕлон ӕвзаджы тыххӕй хи хъуыдытӕ ӕмбарын кӕнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 30. | Дзырдты комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ | Дзырды бирæнысаниуæгад.<br>Комкоммæ нысаниуæг.<br>Ахæсгæ нысаниуæг. | Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджыты тыххæй раиртæст кæсын æмæ йæ æмбарын.<br>Раиртæсты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Иунысаниуæгон æмæ бирæнысаниуæгон дзырдтæ къордтыл дих кæнын, хи хъуыды æмбарын кæнгæйæ.<br>Фæлтæрæнтæ æххæст кæнын, хъæугæ дзырдтæй пайда кæнын.<br>Дзырды бæрæг нысаниуæгæй пайда кæнгæйæ, хъуыдыйæдтæ аразын. |
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хъуыдыйады уæнгтæ. | Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгты тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Хъуыдыйады грамматикон бындур арын.<br>Хъуыдыйады фæрссаг уæнгтæ арын æмæ сæм фæрстытæ дæттын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Аив дзырды дæсны.**<br>(А.С. Пушкины æмдзæвгæтæй скъуыддзæгтæ) | Æмдзæвгæтæй скъуыддзæгтæ аив кæсын.<br>Тæлмацгæнæджы куысты зындзинæдтимæ зонгæ кæнын.<br>Æмдзæвгæты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>А.С. Пушкины сфæлдыстады тыххæй монолог аразын.<br>Нывæн æрфыст кæнын, бирæнысаниуæгон дзырдтæй пайда кæнгæйæ.<br>Дзырдаивад æмæ музыкæйы бастдзинады тыххæй æрныхас кæнын.<br>Музыкæйы тыххæй цыбыр хъусынгæнинаг цæттæ кæнын. |
| 31. | Антонимтæ | Антонимты æмбарынад.<br>Иууидагон æмæ алыхуызонуидагон антонимтæ.<br>Антонимты хæстæ. | Антонимийы фæзынды тыххæй зонындзинæдтæ актуализаци кæнын.<br>Раиртæст кæсын æмæ йыл æрныхас кæнын.<br>Раиртæсты лæвæрд дæнцæгтæ æндæртæй ивын.<br>Дзырдбæстыты бæрæггонд дзырдтæ антонимтæй ивын.<br>Тексты антонимтæ агурын æмæ сын сæ хуыз бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйæдтæ антонимтæй æххæст кæнын æмæ сæ фыссын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуæг. | Тексты бæрæггонд дзырдтæн сæ нысаниуæджы хуыз бæрæг кæнын.<br>Иунысаниуæгон дзырдтæн дæнцæгтæ хæссын æмæ сæ фыссын.<br>Дзырдты алыхуызон нысаниуджытæй пайда кæнынмæ арæхсын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Музыкæ нæ царды.**<br>(Текст «Музыкæйы дуне»,<br>Д. Кабалевскиймæ гæсгæ). | Лæвæрд диалогмæ гæсгæ æндæр диалог аразын.<br>Текстæн æндæр сæргæндтæ хъуыды кæнын æмæ сæ æмбарын кæнын.<br>Тексты мидисыл ныхас кæнын, хи хъуыдытæ дзурын. |
| 32. | Омонимтæ | Омонимты æмбарынад.<br>Омонимты хæстæ ныхасы. | Омонимийы тыххæй раиртæст кæсын.<br>Омоними æмæ полисемийы фæзындтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Омонимты хуызтимæ зонгæ кæнын.<br>Хъæугæ омонимтæ æвзаргæйæ, фæлтæрæнтæ æххæст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ.<br>Ныхасы хæйттæ. | Сæрмагонд ныхасы хæйтты тыххæй зонындзинæдтæ актуализаци кæнын.<br>Хъуыдыйады уæнгтæ æмæ ныхасы хæйттæ кæрæдзийæ хицæн кæнын зонын.<br>Хъуыдыйады уæнгты æмхуызондзинады уавæртæ зонын.<br>Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ арын æмæ сын сæ æмхуызондзинад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мæскуыйы Кремль.**<br>Кремлы тыххæй текст*. | Текст хинымæр кæсын æмæ дзы сæйраг хъуыды арын.<br>Тексты алы абзацы дæр сæйраг хъуыды æвдисæг дзырдбæстытæ арын æмæ сæ фыссын.<br>Текстæн фæрстыты хуызы пълан аразын.<br>Текст кæсын æмæ йæ хи ныхæстæй дзурын. |
| 33. | Синонимтæ | Синонимты хуызтæ.<br>Синонимты ахадындзинад ныхасы мидæг. | Синонимты тыххæй зонындзинæдтæ актуализаци кæнын.<br>Синонимикон дзырдтæн анализ кæнгæйæ, сæ хуызты тыххæй раст хатдзæгтæ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | Синонимты хуызты тыххæй раиртæст кæсын æмæ йын йæ мидис хи хатдзæгтимæ барын.<br>Тексты синонимтæ арын æмæ сын сæ хуыз бæрæг кæнын.<br>Фысгæ фæлтæрæнтæ æххæст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Омонимты хуызтæ. | Омонимийы тыххæй зонныдзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Омонимты хуызты тыххæй монологон ныхас кæнын.<br>Омонимты хуызты тыххæй кæрæдзимæ фæрстытæ дæттын.<br>Тексты омонимтæ арын æмæ сын сæ хуызтæ бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Ивгъуыд тохы хъæбатыртæ.**<br>Плиты Грисы æмдзæвгæ «Æртхутæгдон». | Æмдзæвгæ аив кæсын, йæ мидисисмæ баст фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Æмдзæвгæйы сæйраг архайæджы тыххæй æрныхас кæнын. |
| **Дзырдарæзт** (6 сах.) | | | |
| 34. | Морфемикæ.<br>Дзырдарæзт.<br>Дзырды нысаниниуæгджын хæйттæ. | Морфемикæ.<br>Дзырдарæзт.<br>Дзырды нысаниуæгджын хæйттæ æмæ сæ хæстæ. | Раиртæстимæ зонгæ кæнын.<br>Морфемæты тыххæй æрмæг зæрдыл дарын.<br>Дзырд нысаниуæгджын хæйттыл дих кæнын.<br>Дзырдæн морфемон анализ кæнын.<br>Æмуидагон дзырдтæ аразын æмæ сын сæ арæзт æвзарын.<br>Тексты æмуидагон дзырдтæ агурын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Разæфтуанты растфыссынад. | Дзырдты орфограммæтæ агурын æмæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын.<br>Дзырдтæ хъæугæ дамгъæтæй æххæст кæнгæйæ, фæлтæрæнтæ æххæст кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Сæ фæрцы стæм æдас.**<br>Хæстон хъæбатырты, Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты тыххæй текст. | Хæстон хъæбатырты тыххæй монолог аразын.<br>Тексты бындурыл адæймаджы фæзминаг миниуджыты тыххæй дзурын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 35. | Разæфтуантæ æмæ сæ нысаниуджытæ | Разæфтуантæ *æ-, æнæ-, æм-, æд-, фæ-с, уæл-, дæл-, раз-* сæ нысаниуджытæ. Æмхъæлæсонты ивддзинæдтæ разæфтуанты фæстæ. | Дзырдты арæзт иртасын.<br>Дзырдты разæфтуантæ æмæ уидæгтæ хицæн кæнын.<br>Разæфтуанты нысаниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Разæфтуанты растфыссынад ныффидар кæныны тыххæй фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Дзырдарæзтон анализ кæнын.<br>Дзырдты орфограммæтæ бæрæг кæнын, растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды нысаниуæгджын хæйттæ | Морфемæтæ æмæ аффиксты тыххæй зонындзинæдтæ актуализаци кæнын.<br>Дзырды бындурæн анализ кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æрцу, уалдзæг!**<br>Текст уалдзæджы тыххæй*. | Лæвæрд нывтæм гæсгæ архæйдтыты нæмттæ дзурын.<br>Нывмæ гæсгæ радзырд аразын.<br>Ныв тексты мидисимæ бæттын.<br>Текстæн сæргонд дæттын.<br>Текстмæ гæсгæ диалог аразын. |
| 36. | Æмхъæлæсонты ивддзинæдтæ разæфтуанты фæстæ | Æзылангон æмхъæлæсонты зылангонкæнынад разæфтуанты фæстæ.<br>Мыртæ *ц* æмæ *й*-йы бавæрд разæфтуанты фæстæ. | Хъæлæсон æмæ æмхъæлæсонты тыххæй зонындзинæдтæ актуализаци кæнын.<br>Дзырды формæтæ абарын, æмхъæлæсонты ивддзинæдтæ бæрæг кæнын.<br>Мырты ивды тыххæй раиртæст кæсын, æндæр дæнцæгтæ хæссын.<br>Дзырдты орфограммæтæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдтæ хъæугæ дамгъæтæй æххæст кæнгæйæ, фæлтæрæнтæ фыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъæлæсонты рахауд уидæгттæй разæфтуанты фæстæ. | Тыхджын æмæ лæмæгъ хъæлæсонты тыххæй зонындзинæдтæ фæлхат кæнын.<br>Дзырдтæн дзырдарæзтон схемæтæ кæнын.<br>Хъæлæсоны рахауды уавæртæ бæрæг кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Мæргътæ бийынц ахстæттæ.**<br>Цыбыр текст мæргъты царды тыххæй.<br>Уалдзыгон æрдз æвдисæг нывтæ. | Текстæн пълан кæнын.<br>Пъланмæ гæсгæ тексты мидис дзурын.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Хуызæгмæ гæсгæ хи тыххæй дзурын.<br>Нывтæм гæсгæ цыбыр радзырдтæ аразын.<br>Мæргъты царды тыххæй диалог аразын æмæ дзы архайын. |
| 37. | Фæсæфтуантæ | Фæсæфтуанты нысаниуджытæ.<br>Æххæст æмæ æнæххæст æмхуызонад дзырдты. | Дзырдты морфемон анализ кæнгæйæ, ассимиляцийы фæзынды тыххæй хатдзæгтæ кæнын.<br>Дзырдты растфысынад æмбарын кæнын.<br>Ассимиляцийы хуызты тыххæй раиртæст кæсын, хи дæнцæгтæй йæ æххæст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ. | Дзырды фонетикон анализ кæнын.<br>Хъæлæсонты хуызты тыххæй зонындзинæдтиæ актуализаци кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**8-æм Мартъи – æппæтдунеон бæрæгбон.**<br>Сылгоймæгты æппæтдунеон бæрæгбоны тыххæй текст*.<br>Æмбисæндтæ мады тыххæй. | Бæрæгбоны тыххæй хи хъуыдытæ дзурын.<br>Бæрæгбонмæ цæттæ кæныны тыххæй диалог аразын æмæ дзы архайын.<br>Тексты хъæугæ информаци агурын.<br>Тексты ног иформаци хицæн кæнын.<br>Æмбисæндты нысаниуæгыл ныхас кæнын. |
| 38. | Аразæг бындуры тыххæй æмбарынад<br>Дзырд нысаниуæгджын хæйттыл дих кæныны фæтк | Дзырды бындуры нысаниуæг.<br>Аразæг бындуры тыххæй æмбарынад. | Аразгæ æмæ æнæаразгæ бындурты тыххæй раиртæст кæсын æмæ йын йæ мидис æмбарын.<br>Аразæг бындуры тыххæй хатдзæгтæ кæнын æмæ сæ дæнцæгтæй фидар кæнын.<br>Дзырды морфемон æвзæрсты схемæимæ зонгæ кæнын.<br>Дзырдты морфемон анализ кæнын æмæ йæ æмбарын кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Дзырды нысаниуæгджын хæйттæ. | Разæфтуан, фæсæфтуан, уидаджы тыххæй зонындзинæдтæ зæрдыл лæууын кæнын, фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Тексты агурын рацыд темæимæ баст дæнцæгтæ. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Æнæниз у, мæ мад!**<br>Кочысаты М. æмдзæвгæ. | Æмдзæвгæйæ скъуыддзаг кæсын, фæрстытæн дзуапп дæттын. Бæрæгбоны арфæтæ фыссын.<br>Дзургæйæ бæрæгбоны сценарий аразын. |
| | | **Морфологи. Орфографи** (11 сах.) | |
| 40. | Ныхасы хæйтты тыххæй иумæйаг æмбарынад | Номдар. Миногон.<br>Мивдисæг. Номивæг.<br>Нымæцон. Фæрсдзырд. | Ныхасы хæйтты тыххæй рацыд æрмæг актуализаци кæнын.<br>Сæрмагонд æмæ æххуысгæнæг ныхасы хæйтты категориалон нысаниуджытæ зонын.<br>Ныхасы хæйтты сæйраг миниуджытæ æвдисæг таблицæтæ æххæст кæнын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Ныхасы хæйттæ.<br>Хъуыдыйады уæнгтæ. | Ныхасы хæйттæ æмæ хъуыдыйады уæнгтæ кæрæдзийæ иртасын зонын. Хуымæтæг хъуыдыйады синтаксисон анализ кæнын. Хъуыдыйады уæнгтæ цавæр ныхасы хæйттæй загъд сты, уый бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Текст «Фыццаг балц космосмæ».**<br>Космос æмæ фыццаг космонавты тыххæй цыбыр радзырд. | Тексты сæйраг мидис æвдисæг хъуыдыйæдтæ агурын.<br>Бæлвырд тематикон къордмæ хауæг дзырдтæ агурын æмæ фыссын.<br>Тексты мидис фæрстытæм гæсгæ радзурын.<br>Тесксты мидис фæуæрæхдæр кæнын, хи зонындзинæдтæй пайда кæнгæйæ. |
| 41. | Номдар, йæ нысаниуæг æмæ грамматикон æууæлтæ | Номдары тыххæй рацыд æрмæг фæлхат кæнын. | Номдарты нысаниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Бирæон нымæцы арæзты тыххæй зонындзинæдтæ зæрдыл лæууын кæнын.<br>Номдарты бирæон нымæцы формæйы арæзты фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Тексты иумæйаг æмæ сæрмагонд номдартæ агурын, характеристикæ сын дæттын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уалдзыгон бæрæгбæттæ.**<br>Уалдзыгон бæрæгбæтты тыххæй цыбыр радзырд*. | Текстæн пълан аразын.<br>Тексты мидис пъланмæ гæсгæ дзурын.<br>Тексты мидисмæ гæсгæ хи хъуыдытæ дзурын.<br>Уалдзыгон æрдзы миниуджытæ амонын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 42. | Номдарты нымæц | Номдарты нымæц.<br>Бирæон нымæц. | Æрмæст иууон кæнæ æрмæст бирæон нымæц цы номдартæн ис, уыдоны тыххæй раиртæст кæсын æмæ йæ æмбарын.<br>Раиртæст хи дæнцæгтæй æххæст кæнын.<br>Æрмæст иууон нымæц кæнæ æрмæст бирæон нымæц кæмæн ис, уыцы номдартæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Номдарты нымæц бæрæг кæнын.<br>Номдартæ бирæон нымæцы æвæрын, уидаджы ивддзинæдтæ амонын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Номдарты растфыссынад. | Номдартæн дзырдарæзтон анализ кæнын.<br>Номдартæн орфографион анализ кæнын.<br>Уидаджы æмхъæлæсонтæ æмæ хъæлæсонты ивды уавæртæ бæрæг кæнын.<br>Дзырдты растфыссынад æмбарын кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Цард фæллойæ фидауы.**<br>Куысты, фæллойы тыххæй ирон поэты æмдзæвгæтæй цыбыр скъуыддзæгтæ. | Æмдзæвгæтæй скъуыддзæгтæ аив кæсын.<br>Текстты темæ бæрæг кæнын.<br>Тексты мидисы тыххæй хи хъуыдытæ дзурын.<br>Фæллойы тыххæй æмбисæндтæ зæрдыл лæууын кæнын. |
| 43. | Контролон куыст | | |
| 44. | Номдарты тасындзæг | Номдарты тасындзæг.<br>Номдарты хауæнты кæрæттæ.<br>Хауæнты нысаниуджытæ. | Хауæнты системæйы тыххæй зонындзинæдтæ актуализаци кæнын.<br>Дзырдты нымæц æмæ хауæн бæрæг кæнын.<br>Дæнцæгтæм гæсгæ хауæнты нысаниуджыты тыххæй хатдзæгтæ кæнын.<br>Номдарты тасындзæджы таблицæ æххæст кæнын.<br>Дзырдтæ хъæугæ хауæнты æвæрын æмæ хъуыдыйæдтæ фыссын.<br>Ирон æмæ дыгурон диалектты хауæнты хицæндзинæдты тыххæй раиртæст кæсын æмæ йæ зæрдыл дарын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Фæлхат кæнын.*<br>Хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын. | Хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгты тыххæй зонындзинæдтæ зæрдыл лæууын кæнын.<br>Хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйады синтаксисон анализ кæнын.<br>Хъуыдыйады уæнгты морфологион миниуджытæ бæрæг кæнын.<br>Хъуыдыйадæн синтаксисон схемæ аразын. |
| | | *Ныхасы рæзт.*<br>**Цæрæгойтæ царды фæндтæ кæнынц.**<br>Ирыстоны хъæддаг цæрæгойты миниуджыты тыххæй цыбыр радзырд. | Ирыстоны хъæдты цæрæгойты миниуджытæ дзурын.<br>Тексты ног æмæ зонгæ информаци хицæн кæнын.<br>Тексты мидис хи зонындзинæдтæм гæсгæ фæуæрæхдæр кæнын.<br>Тексты мидисмæ фæрстытæ дæтгæйæ, диалог саразын.<br>Диалоджы архайын. |
| 45-47. | Миногон. Миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ. | Миногон. Миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонтæ.<br>Миногоны бæрцбарæнтæ æмæ тыхджындæргонд фæрмæтæ. | Миниуæгæвдисæг æмæ ахастæвдисæг миногонты раиртæст кæсын æмæ йын анализ кæнын.<br>Раиртæсты дæнцæгтæ æндæртæй ивын.<br>Тексты миниуæгæвдисмæг миногонтæ арын æмæ сын сæ миниуджытæ амонын.<br>Ахастæвдисæг миногонтæ аразын æмæ сын сæ миниуджытæ амонын.<br>Ахастæвдисæг æмæ миниуæгæвдисæг миногонтæ кæрæдзийæ хицæн кæнын.<br>Миногонты бæрцбарæнтæ æмæ тыхджындæргонд формæтæ фидар кæнын.<br>Бæрæг дзырдты арæзт схемæты фæрцы æвдисын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Миногонты дзырдарæзт.<br>Номдарты мырон ивддзинæдтæ, бирæон нымæцы формæ сæ аразгæйæ. | Миногонтæн дзырдарæзтон анализ кæнын.<br>Миногонты растфыссынад фидар кæныны тыххæй фæлтæрæнтæ æххæст кæнын.<br>Номдарты бирæон нымæцы арæзт æвдисын, дзырдæн орфографион анализ кæнын. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Уæлахиздзаутæ.**<br>Партизанты тыххæй цыбыр радзырд. | Текстæн сæргонд хъуыды кæнын.<br>Лæвæрд дзырдтимæ темæмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ аразын. Фыбыдæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы бонмæ цæттæ кæныны тыххæй дзурын. |
| 48-49. | Нымæцон. Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонтæ | Нымæцоны нысаниуæг æмæ йæ грамматикон æууæлтæ. | Нымæцонты тыххæй зонындзинæдтæ актуализаци кæнын.<br>Бæрцон æмæ рæнхъон нымæцонты тыххæй раиртæст хи дæнцæгтæй æххæст кæнын.<br>Бæрцон нымæцонтæй рæнхъон нымæцонтæ аразын.<br>Рæнхъон нымæцонтæ сæ арæзтмæ гæсгæ æвзарын æмæ хатдзæгтæ кæнын. Хъуыдыйæдтæ рæнхъон нымæцонтæй æххæст кæнын æмæ сæ фыссын. |
| | | *Фæлхат кæнын*<br>Хъуыдыйады уæнгтæ. | Хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйад уæнгтæм гæсгæ æвзарын.<br>Нымæцоны синтаксисон фунцитæ бæрæг кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Ирон æвзаджы дæснытæ.**<br>Абайты Васойы цард æмæ наукон куысты тыххæй радзырд*. | Ирон æвзаг иртасджыты тыххæй цыбыр хъусынгæнинæгтæ цæттæ кæнын.<br>Абайты Васойы наукон-иртасæн архайдимæ зонгæ кæнын.<br>Тексты иунысаниуæгон дзырдтæ – терминтæ арын.<br>Тексты мидис хи ныхæстæй дзурын.<br>Тексты мидисмæ фæрстытæ дæттын. |
| 50. | 5-æм къласы рацыд æрмæг фæлхат кæнын | *Фæлхат кæнын*<br>Синтаксис, фонетикæ, лексикæ, дзырдарæзт, морфологийы фæрстытæ. | Дзырды фонетикон æвзæрст кæнын. Аразгæ бындурты хъæлæсонтæ æмæ æмхъæлæсонты ивддзинæдтæ уынын æмæ сæ æмбарын кæнын. Хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйад æвзарын, хъуыдыйады уæнгты морфологион миниуджытæ зонын. Дзырдæн морфемон анализ кæнын. |
| | | *Ныхасы рæзт*<br>**Кæд дæхи ирон хоныс…**<br>Æлдаттаты В. æмдзæвгæ. | Æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды бæрæг кæнын.<br>Æмдзæвгæйы темæйыл хи хъуыдытæ дзурын зонын.<br>Ирондзинады æмбарынады мидисыл ныхас кæнын.<br>Адæмты æхсæн хæлардзинад гуырын кæныны тыххæй хи хъуыдытæ дзурын. |
| 51. | Контролон куыст | | |

**Сæйраг домæнтæ 5-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм**

***Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:***

- 5-æм къласы цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
- цавд æвæрыны æгъдæуттæ дзырдтæ æмæ дзырдты къордтыл;
- æмхъæлæсонтæ дз, ц, з, с-йы растдзурынад;
- морфемæты хуызтæ, сæ хæстæ;
- дзырдты комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ;
- æрмæст иууон кæнæ æрмæст бирæон нымæцы чи вæййы, уыцы номдарты тыххæй;
- номдарты бирæон нымæц аразыны хицæндзинæдтæ;
- миногонты хуызтæ æмæ сæ бæрцбарæнтæ;
- хъуыдыйады хуызтæ загъды нысанмæ гæсгæ;
- хъуыдыйады сæйраг æмæ фæрссаг уæнгтæ;
- хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæгтимæ стæй, æви, науæд æмæ æнæ бæттæгтæй;
- вазыгджын хъуыдыйæдтæ бæттæгтæ æви, стæй, уæддæр, уымæн æмæ-имæ;
- тексты хуызтæ; стильты тыххæй;
- ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ;
- фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон æмæ морфологион æвзæрстыты фæтк;
- ныхасы хæйтты синтаксисон хæстæ;
- рацыд орфографион æмæ пунктуацион æгъдæуттæ.

***Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:***

- хъæлæсон æмæ æмхъæлæсон мыртæ раст дзурынмæ;
- дзырдтæ æмæ дзырдты къордтыл цавд æвæрынмæ;
- дзырдты комкоммæ æмæ ахæсгæ нысаниуджытæ кæрæдзийæ иртасынмæ æмæ сæ ныхасы пайда кæнынмæ;
- 2 – 4 адæймаджы кæм уа, ахæм диалоджы архайынмæ;
- диалогон ныхасæй монологон ныхас аразынмæ;
- 8 – 10 хъуыдыйадæй текст аразынмæ æмæ йæ дзурынмæ;
- лæвæрд тексты мидис пъланы æххуысæй кæнæ æнæ уымæй дзурынмæ;
- нывы мидисы тыххæй дзурын æмæ фыссынмæ, таурæгъон ныхас æмæ æрфыстæй пайдагæнгæйæ;
- тексты мидисимæ баст фæрстытæн дзуапп дæттынмæ;
- текстæн хуымæтæг пълан аразынмæ æмæ йæ дзурынмæ;

- наукон, аивадон стильтæ бæрæг кæнынмæ;
- 3 минуты бæрц цы текстмæ байхъусой, уый мидис æмбарынмæ;
- къорд ног дзырды  цы тексты уа, уый сæйраг мидис æмбарынмæ;
- прозаикон æмæ поэтикон текстæ æмбаргæ каст кæнынмæ;
- сидæнимæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
- комкоммæ ныхасимæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
- рацыд орфограммæтæ æмбарын кæнынмæ æмæ рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
- минутмæ 90 – 100 дзырды кæсынмæ;
- хъусынгæнинаг, арфæйы ныхæстæ æмæ фыстæг фыссынмæ;
- нывмæ кæнæ фæрстытæм гæсгæ радзырд фыссынмæ;
- фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон æмæ морфологион æвзæрст кæнынмæ;
- дзырдбаст æмæ хъуыдыйадæн синтаксисон æвзæрст кæнынмæ;
- лингвистикон дзырдуæттæй пайда кæнынмæ.